

## **ANALISIS PURWAKANTHI WONTEN ING CAKEPAN LAGU BUGIE ALBUM KELAYUNG-LAYUNG**

### **ANALYSIS OF PURWAKANTHI FROM THE LYRICS OF BUGIE'S SONG IN THE "KELAYUNG-LAYUNG" ALBUM**

Oleh: Dyah Swastyasti, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

#### **Sarining Panaliten**

Ancasing panaliten menika inggih menika ngandharaken wujud purwakanthi wonten ing cakepan lagu Bugie album *Kelayung-layung*, saha ngudhari maknaipun purwakanthi wonten ing cakepan lagu Bugie album *Kelayung-layung*. Data panaliten ingkang dipunginakaken ing panaliten menika purwakanthi wonten ing cakepan lagu Bugie album *Kelayung-layung* ingkang kaserat wonten ing kertu data. Data panaliten dipunkempalaken ngginakaken cara *simak-catat*, kanthi (1) mirengaken lagu Bugie album *Kelayung-layung* saking Mp3 kanthi premati, (2) nyerat lagu Bugie album *Kelayung-layung* saking Mp3 ingkang dipunputer, (3) nyukani tandha dhateng cakepan lagu Bugie album *Kelayung-layung* ingkang ngawrat purwakanthi, (4) nglebetaken data ingkang awujud purwakanthi wonten ing kertu data ingkang sampun dipuncawisaken, (5) purwakanthi kagolongaken miturut jinisipun, saha ingkang pungkasan (6) purwakanthi menika dipunpadosi maknaipun. Data ingkang kapanggihaken lajeng dipunanalisis kanthi *teknik analisis kualitatif deskriptif*. Caranipun ngesahaken data ing panaliten menika mawi *validitas semantik, reliabilitas expert judgement saha reliabilitas intra-rater*. Asiling panaliten nedahaken bilih: (1) wujud purwakanthi ingkang kapanggihaken wonten ing cakepan lagu Bugie album *Kelayung-layung* kaperang dados 3, inggih menika purwakanthi guru swara wonten swanten a, â, i, u saha é; purwakanthi guru sastra wonten aksara *konsonan* b, d, g, j, k, l, m, ng, p, s, t saha w; purwakanthi guru basa/ lumaksita; (2) makna purwakanthi ingkang kapanggihaken wonten ing lagu Bugie album *Kelayung-layung*, makna purwakanthi ing irah-irahan *Kelayung-layung* inggih menika manungsa boten saged nduga titi mangsanipun jiwa saha raga dipunpundhut dening Gusti.

Pamijining tembung: Purwakanthi, *Album Kelayung-layung*.

#### **Abstract**

*The purpose of this research is to analyze the form of purwakanthi taken from the lyrics of Bugie's song in his kelayung-layung album that is written on the album's data card. The research data was collected by "listening-then-take-notes" method, which includes the following steps : (1) listening the said music in its mp3 format carefully, (2) write the lyrics right after listening it, (3) marking any lyrics that includes purwakanthi, (4) inserting purwakanthi's form data inside the available data card, (5) dividing each purwakanthi by its form type, and finally (6) looking up the meaning of any lyric sentence containing purwakanthi. The found data will be analyzed with qualitative-descriptive analysis technique. The data will be checked of its validity with semantic validity check, expert judgement reliability check, and intra-rater reliability check. Research results showed these facts : (1) the form of purwakanthi found in the lyrics of Bugie's song in the kelayung-layung album is divided into 3 types, namely purwakanthi guru swara with a, â, i, u, é vowels; purwakanthi guru sastra with b, d, g, j, k, l, m, ng, p, s, t and w consonants; purwakanthi basa/lumaksita; (2) the meaning of purwakanthi found in the one of the song called "Kelayung-layung" is that humans can not predict when will their body and soul be taken by God.*

*Keywords : Purwakanthi, Kelayung-layung album.*

## PURWAKA

Kabudayan Jawi kaperang dados kalih golongan, inggih menika kabudayan lair saha kabudayan batin. Kabudayan batin menika kangge kapreluaning batin, kalbu saha jiwa. Menawi kabudayan lair menika kangge kapreluaning lair. Saperanganipun kabudayan lair wonten ingkang dipunwastani kagunan adi luhung. Kabudayan lair ingkang isinipun kaendahan dipunwastani kagunan adi luhung utawi kagunan edi peni. Kagunan adi luhung wonten kathah, tuladhanipun kagunan swara saha kasusastran. Salebeting kagunan swara wonten lagunipun, salebeting lagu wonten cakepanipun, salebeting cakepan wonten cakepan lagu anggitanipun Bugie *album Kelayung-layung*.

Menawi saking sisih kasusastran, mliginipun kasusastran Jawi wonten unen-unen ingkang kadadosan saking tatananipun tembung-tembung Jawi, salah satunggalipun inggih menika purwakanthi. Purwakanthi kaperang dados 3 jinis, inggih menika purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra saha purwakanthi guru basa/ lumaksita. Kanthi purwakanthi, ingkang dipunanalisis inggih menika cakepan lagu Jawi anggitanipun Bugie *album Kelayung-layung*. *Album Kelayung-layung* menika medal nalika taun 2007. Wonten ing salebetipun *album Kelayung-layung* menika wonten sewelas lagu. Salah satunggaling lagu ingkang misuwur inggih menika *Kelayung-layung*

(*Kreta Jawa*). Lagu menika nyariyosaken babagan pemut dhumateng kasedan.

Wonten ing *album Kelayung-layung* menika kathah cakepan ingkang awujud purwakanthi. Perangan ingkang kados makaten menika ingkang narik kawigatosan panaliti kangge ngudhari kanthi langkung nengenaken babagan purwakanthi. Kathah makna ingkang saged dipunpendhet saking *album Kelayung-layung* menika, kejawi kangge ngemutaken manungsa dhumateng kasedan, *album Kelayung-layung* menika ugi saged kangge nguri-uri kabudayan Jawi saha nepangaken lagu basa Jawi dhumateng tiyang enem ing jaman samenika. Panaliten menika naliti babagan wujud purwakanthi saha makna ukara ingkang ngewrat purwakanthi wonten ing lagu Bugie *album Kelayung-layung*.

Perkawis-perkawis menika ingkang njalari panaliti ngrembag babagan purwakanthi wonten ing cakepan lagu Bugie *album Kelayung-layung*. Adhedhasar andharan ing nginggil saged dipunpendhet wosing perkawisipun, inggih menika (1) kadospundi wujud purwakanthi wonten ing cakepan lagu Bugie *album Kelayung-layung*?; (2) kadospundi makna saben purwakanthi wonten ing cakepan lagu Bugie *album Kelayung-layung*?

## GEGARANING TEORI

Sastra inggih menika piwulang, wewaton, paugeran, kawruh, serat ingkang isinipun kawruh. Wondene susastra inggih

menika piwulang ingkang pinunjul, seratan ingkang pinunjul, wewaton utawi paugeran ingkang sae sanget, kawruh ingkang endah, basa ingkang edi peni. Dados, kasusastran inggih menika kawruh utawi kagunan ingkang sae sanget, kagunan kang endah, amargi binabar ngangge basa ingkang endah utawi basa ingkang edi peni.

Wondene ingkang kalebet wonten ing Kasusastran Jawi menika sedaya kagunan adi luhung ingkang isinipun kaendahaning basa Jawi. Boten namung ingkang kaserat wonten ing buku utawi serat, nanging ugi ingkang dipunucapaken wonten lesan. Boten namung ingkang kaserat ngangge aksara Jawi, nanging ugi ingkang kaserat ngangge aksara sanesipun. Salah satunggaling cakupan kasusastran Jawi ingkang tatanan tembungipun asipat endah inggih menika purwakanthi. Awit cakepan lagu Bugie *album Kelayung-layung* menika sipatipun endah, pramila saged dipunpadosi menapa kemawon wujud purwakanthi wonten ing lagu menika. Kaendahan menika katitik saking reroncening tembungipun, kejawi menika migunani awit cakepan lagu menika ngewrat piwulang kasaenan utawi moral babagan agami Islam.

Purwakanthi inggih menika unen-unen utawi gatra/larik ingkang runtut swantenipun, sastranipun utawi basanipun. Purwakanthi menika kaperang dados tiga, inggih menika purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra saha purwakanthi basa/ lumaksita. Purwakanthi guru swara inggih menika purwakanthi ingkang mawi titikan runtut swantenipun. Purwakanthi guru sastra inggih

menika purwakanthi ingkang mawi titikan runtut aksara konsonanipun. Purwakanthi basa/ lumaksita inggih menika purwakanthi ingkang mawi titikan runtut tembung/wandanipun.

Cakepan inggih menika asil karya sastra ingkang saged dipuntembangaken. Cakepan lagu Jawi Modern inggih menika cakepan tembang ingkang dipunronce kanthi ngginakaken basa Jawi Modern. Cakepan lagu ingkang badhe dipunrembag wonten ing panaliten menika kalebet jinis cakepan lagu Jawi Modern ingkang sipatipun *konvensional* ingkang awujud singir. Kawontenan menika amargi wosing cakepan lagu menika nyariyosaken babagan agami.

Ir. Bugiakso utawi ingkang misuwur kanthi asma Bugie. Bugie miyos wonten ing Magetan dinten setu pahing tanggal 11 Mei 1963. Bugie menika salah satunggaling musisi Jawi ingkang sampun medalaken 3 album. Album ingkang nomer kalih kanthi irah-irahan *Kelayung-layung*. Wonten ing salebeting album menika wonten 11 irah-irahan lagu, inggih menika *Kelayung-layung (Kreta Jawa)*, *Astaghfirullah*, *Shubuh*, *Rumangsa Dosa*, *Mampir Ngombe*, *Al-Ikhlas*, *Salam*, *Subhanallah*, *Ngolat-ngolet*, *Apa Abote*, *saha Musyrik*.

## CARA PANALITEN

Panaliten babagan purwakanthi wonten ing cakepan lagu Bugie *album Kelayung-layung* menika kalebet wonten ing jinis panaliten *kualitatif deskriptif*. Panaliten

*kualitatif deskriptif* inggih satunggaling panaliten ingkang ngandharaken utawi ngrembak satunggaling babagan kangge nyamektakaken gegambaran saking satunggaling perkawis ingkang dipunkaji, kadosta *nilai budaya, karya seni* saha sapanunggalanipun.

Wujud asiling panaliten saking *metode* panaliten *kualitatif deskriptif* inggih menika awujud gegambaran saking *data* ingkang dipunkaji. Panaliten menika ngewrat satunggaling *data* utawi pethikan-pethikan *data* kangge nyamektakaken *data* kangge laporan.

Panaliten babagan purwakanthi wonten ing cakepan lagu Bugie *album Kelayung-layung* menika kalebet wonten ing jinis panaliten *kualitatif deskriptif*. Panaliten *kualitatif deskriptif* inggih satunggaling panaliten ingkang ngandharaken utawi ngrembak satunggaling babagan kangge nyamektakaken gegambaran saking satunggaling perkawis ingkang dipunkaji, kadosta *nilai budaya, karya seni* saha sapanunggalanipun.

Wujud asiling panaliten saking *metode* panaliten *kualitatif deskriptif* inggih menika awujud gegambaran saking *data* ingkang dipunkaji. Panaliten menika ngewrat satunggaling *data* utawi pethikan-pethikan *data* kangge nyamektakaken *data* kangge laporan.

*Data* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika inggih menika *data lisan*, pramila cara ingkang dipunginakaken

wonten ing panaliten menika inggih kanthi cara *simak-catat*. *Data lisan* kasebut inggih menika lagu saking *Mp3 Album Bugie Kelayung-layung*. Caranipun ngempalaken *data lisan* menika inggih kanthi mirengaken kanthi premati *Mp3* ingkang dipunputer, lajeng dipuncathet. Sadangunipun nyemak lagu menika, panaliti kedah taliti supados *data* ingkang kapanggihaken estu-estu ajeg saha boten ewah. Tata cara anggenipun ngempalaken *data* kaserat inggih menika (1) mirengaken lagu Bugie *album Kelayung-layung* kanthi premati, (2) nyerat cakepan lagu Bugie *album Kelayung-layung* saking *Mp3* ingkang dipunputer, (3) nyukani tandha dhateng cakepan lagu Bugie *album Kelayung-layung* ingkang gayut kaliyan wujud purwakanthi, (4) nglebetaken *data* ingkang awujud purwakanthi wonten ing kertu *data* ingkang sampun dipuncawisaken.

Pirantos kangge ngempalaken *data* panaliten inggih menika sedaya pirantos ingkang dipunbetahaken kangge naliti sumber *data*. Pirantosing panaliten tumrap purwakanthi wonten ing lagu Bugie *album Kelayung-layung* menika ngginakaken kertu *data*. Kertu *data* kaginakaken supados nggampilaken anggenipun ngempalaken *data* panaliten. Kertu *data* dipundamel saderengipun mirengaken *Mp3* lagu Bugie *album Kelayung-layung*.

*Data* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika lajeng dipun-*analisis*. Caranipun nganalisis *data* inggih menika (1) *data-data* ingkang sampun dipunpanggihaken

awujud tembung saha gatra ingkang wonten purwakanthinipun lajeng dipunpantha utawi dipun-*klasifikasi* jumbuh kaliyan wujud purwakanthi saha makna purwakanthi adhedhasar gegaran teori; (2) *data-data* ingkang sampun dipunpantha adhedhasar perkawis ingkang sampun dipuntemtokaken lajeng dipunandharaken jumbuh kaliyan *interpretasi* saha kawruh bab wujud purwakanthi saha makna purwakanthi; (3) anggenipun ngandharaken dipuntindakaken tumrap sedaya perangan jinis wujud purwakanthi. Salajengipun, dipunpendhet dudutan adhedhasar andharanipun, jumbuh kaliyan wujud purwakanthi saha makna purwakanthi wonten ing lagu-lagu saking *album-ipun Bugie Kelayung-layung* menika.

*Validitas data* ingkang dipuncakaken wonten ing panaliten menika ngginakaken cara *validitas semantis*, amargi *data-data* ingkang awujud purwakanthi dipuntegesi dhedhasar konteks ukaranipun. Dene *validitas expert judgement* dipunlampahi kanthi cara nyuwun pirsu dhateng para ahli utawi *dosen pembimbing*. Supados data saking asiling panaliten menika ajeg, panaliti migunakaken reliabilitas intra-rater. *Reliabilitas intra-rater* inggih menika panaliti ngambali maos kanthi taliti supados manggihaken data panaliten ingkang *valid*, trep saha ajeg. Perkawis menika dipunlampahi panaliti kanthi *mandiri*. Pikantukipun *data* lajeng dipunkaji miturut kaliyan underaning perkawis ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten. Panaliten menika saged dipungkasi menawi

pikantukipun *data* saestu ajeg satemah sae kangge dipuntaliti wonten ing *karya ilmiah*.

## ASILING PANALITEN

Wonten ing bab menika badhe dipunandharaken asiling panaliten ngengingi bab purwakanthi ing salebetipun cakepan lagu saking Bugie album Kelayung-layung. Panaliten ingkang sampun kalampahan menika manggihaken purwakanthi wonten ing cakepan lagu saking Bugie *album Kelayung-layung* saha madosi makna ukara ingkang ngewrat purwakanthi ing cakepan lagu saking Bugie *album Kelayung-layung*.

### Wujud Purwakanthi ing Cakepan Lagu Bugie Album Kelayung-layung

Purwakanthi guru swara ingkang kapanggihaken wonten 5 jinis swanten, inggih menika a, å, i, u saha é. Tuladha: *Marang umat lan marang Gustine*

Wonten ing pethikan cakepan wonten nginggil kalebet purwakanthi guru swara, amargi titikanipun saking aksara /a/ ingkang dipunambali ing tembung marang, umat, lan saha marang.

Purwakanthi guru sastra ingkang kapanggihaken wonten 12 jinis aksara *konsonan*, inggih menika b, d, g, j, k, l, m, ng, p, s, t saha w.

Tuladha: *Jodho lan rejeki kagugane*  
Wonten ing pethikan cakepan wonten nginggil kalebet purwakanthi guru sastra, amargi titikanipun saking aksara /j/ ingkang dipunambali ing tembung jodho saha rejeki.

Purwakanthi basa/ lumaksita ingkang kapanggihaken wonten 20 tembung/ wanda.

Tuladha: **Nangisa** yen kudu **nangis**

Wonten ing pethikan cakepan wonten nginggil kalebet purwakanthi basa/ lumaksita, amargi titikanipun saking tembung /nangis/ ingkang dipunambali.

### **Makna Purwakanthi ing Cakepan Lagu Bugie Album Kelayung-layung**

Wonten ing panaliten menika, makna purwakanthi inggih menika kadospundi maksud saking saben ukara ingkang ngewrat purwakanthi. Dados, kangge mangertos makna saking ukara ingkang ngewrat purwakanthi menika kedah mangertos saben purwakanthi ingkang kawrat ing saben ukara lajeng dipunmangertosi kanthi maos kanthi premati lajeng madosi maksud kanthi cara ningali saking konteks ukara saderengipun saha ukara sabibaripun.

Tuladha:

Ana tangis **kelayung-layung**,

Tangise wong kang wedi mati,

Gedhongana kuncenana,

Yen wis **mati mangsa** wurunga

Maknanipun inggih menika manungsa boten saged nduga titi mangsanipun jiwa saha raga dipunpundhut dening Gusti.

Saking sewelas lagu Bugie Album Kelayung-layung, kapanggihaken 100 wujud purwakanthi. Ananging, wonten satunggal lagu ingkang boten wonten purwakanthinipun amargi tibaning swanten/sastra/basanipun boten runtut, irah-irahanipun *Al-Ikhlās*. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken

jinising wujud purwakanthi kanthi dipunperang dados tiga.

### **Purwakanthi Guru Swara ing Cakepan Lagu Bugie Album Kelayung-layung**

Purwakanthi guru swara inggih menika unen-unen ingkang runtut swantenipun. Adhedhasar asiling panaliten, purwakanthi guru swara ingkang kapanggih wonten 37. Wonten ing ngandhap menika kaserat andharan analisis purwakanthi guru swara ingkang wonten ing salebeting cakepan lagu Bugie *album Kelayung-layung*.

### **Purwakanthi Guru Swara ing Lagu Kelayung-layung**

“Gedhongana kuncenana”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Kelayung-layung*. Adhedhasar gegaran teori, pethikan menika kalebet purwakanthi guru swara amargi runtut swantenipun. Swanten ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /å/ wonten ing tembung gedhongana saha kuncenana. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru swara dipunserat miring sarta kandel.

### **Purwakanthi Guru Swara ing Lagu Astaghfirullah**

“Rumangsa kebak dosa”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Astaghfirullah*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru swara amargi runtut swantenipun. Swanten ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /å/ wonten ing

tembung rumangsa saha dosa. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru swara dipunserat miring sarta kandel.

### **Purwakanthi Guru Swara ing Lagu *Apa Abote***

“Ngakune awake kuwat”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Apa Abote*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru swara amargi runtut swantenipun. Swanten ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /é/ wonten ing tembung ngakune saha awake. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru swara dipunserat miring sarta kandel.

### **Purwakanthi Guru Swara ing Lagu *Mampir Ngombe***

“Apa wae sing ana ning donya”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Mampir Ngombe*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru swara amargi runtut swantenipun. Swanten ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /â/ wonten ing tembung apa, ana saha donya. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru swara dipunserat miring sarta kandel.

### **Purwakanthi Guru Swara ing Lagu *Musryik***

“Aja padha nyembah berhala”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Musryik*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika

kalebet purwakanthi guru swara amargi runtut swantenipun. Swanten ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /â/ wonten ing tembung aja, padha saha berhala. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru swara dipunserat miring sarta kandel.

### **Purwakanthi Guru Swara ing Lagu *Salam***

“Marang umat lan marang Gustine”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Salam*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru swara amargi runtut swantenipun. Swanten ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /a/ wonten ing marang, umat, lan saha marang. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru swara dipunserat miring sarta kandel.

### **Purwakanthi Guru Swara ing Lagu *Subhanallah***

“Lair urip mati kagungane”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Subhanallah*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru swara amargi runtut swantenipun. Swanten ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /i/ wonten ing lair, urip saha mati. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru swara dipunserat miring sarta kandel.

### **Purwakanthi Guru Swara ing Lagu *Subuh***

“Krungu adzan subuh lha kok mapan turu”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Subuh*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru swara amargi runtut swantenipun. Swanten ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /u/ wonten ing krungu, subuh saha turu. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru swara dipunserat miring sarta kandel.

### **Purwakanthi Guru Sastra**

Purwakanthi guru swara inggih menika purwakanthi ingkang ngrujuk sastranipun. Adhedhasar asiling panaliten, purwakanthi guru sastra ingkang dipunpanggihaken wonten 29. Wonten ing ngandhap menika kaserat andharan *analisis purwakanthi guru sastra ingkang wonten ing salebeting cakepan lagu Bugie album Kelayung-layung*.

### **Purwakanthi Guru Sastra ing Lagu *Kelayung-layung***

“Tangise wong kang wedi mati”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Kelayung-layung*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru sastra amargi runtut aksaranipun. Aksara ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /w/ wonten ing tembung wong, saha wedi. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru sastra dipunserat kandel.

### **Purwakanthi Guru Sastra ing Lagu *Astaghfirullah***

“Melas temen wong kuwi”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Astaghfirullah*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru sastra amargi runtut aksaranipun. Aksara ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /m/ saha /w/ wonten ing tembung melas, temen, wong saha kuwi. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru sastra dipunserat kandel.

### **Purwakanthi Guru Sastra ing Lagu *Apa Abote***

“Wektu kanggo kerja ana”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Apa Abote*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru sastra amargi runtut aksaranipun. Aksara ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /k/ wonten ing tembung wektu, kanggo saha kerja. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru sastra dipunserat kandel.

### **Purwakanthi Guru Sastra ing Lagu *Mampir Ngombe***

“Urip kuwi mung mampir ngombe”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Mampir Ngombe*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru sastra amargi runtut aksaranipun. Aksara ingkang



runtut wonten ing nginggil menika aksara /p/ saha /m/ wonten ing tembung urip, mung saha mampir. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru sastra dipunserat kandel.

### **Purwakanthi Guru Sastra ing Lagu *Musyrik***

“Wit-witan watu gedhe wulan srengenge lan sapanunggalane”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Musyrik*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru sastra amargi runtut aksaranipun. Aksara ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /w/ saha /l/ wonten ing tembung wit-witan, watu, wulan, lan saha sapanunggalane. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru sastra dipunserat kandel.

### **Purwakanthi Guru Sastra ing Lagu *Rumangsa Dosa***

“Rumangsa dosa lumrahe manungsa”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Rumangsa Dosa*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru sastra amargi runtut aksaranipun. Aksara ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /m/ saha /s/ wonten ing tembung rumangsa, dosa, lumrahe saha manungsa. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru sastra dipunserat kandel.

### **Purwakanthi Guru Sastra ing Lagu *Salam***

“Marang umat lan marang Gustine”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Salam*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru sastra amargi runtut aksaranipun. Aksara ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /m/ wonten ing marang, umat saha marang. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru sastra dipunserat kandel.

### **Purwakanthi Guru Sastra ing Lagu *Subhanallah***

“Jodho lan rejeki kagungane”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Subhanallah*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru sastra amargi runtut aksaranipun. Aksara ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /j/ wonten ing jodho saha rejeki. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru sastra dipunserat kandel

### **Purwakanthi Guru Sastra ing Lagu *Subuh***

“Mesakake temen wong kuwi”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Subuh*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi guru sastra amargi runtut aksaranipun. Aksara ingkang runtut wonten ing nginggil menika aksara /m/ wonten ing mesakake saha temen. Aksara ingkang kalebet purwakanthi guru sastra dipunserat kandel.

### **Purwakanthi Basa/ Lumaksita**

Purwakanthi basa ugi dipunsebut purwakanthi lumaksita. Purwakanthi

lumaksita menika saking tembung ‘lumaksita’ ingkang tegesipun ‘lumaku’. Dados, purwakanthi basa utawi lumaksita inggih menika tembung-tembung utawi wingkingipun ukara ingkang runtut kaliyan tembung-tembung utawi ukara sangajengipun (Subalidinata, 1968: 62). Adhedhasar asiling panaliten, purwakanthi guru basa ingkang kapanggihaken wonten 20. Wonten ing ngandhap menika andharan *analisis* purwakanthi guru basa ingkang kapanggihaken wonten ing salebeting cakupan lagu Bugie *album Kelayung-layung*.

#### **Purwakanthi Basa/ Lumaksita ing Lagu *Kelayung-layung***

“Ana tangis **kelayung-layung**”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Kelayung-layung*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi basa amargi runtut tembungipun. Tembung ingkang runtut wonten ing nginggil menika tembung /layung/ wonten ing kelayung-layung. Tembung ingkang kalebet purwakanthi basa dipunserat kandel.

#### **Purwakanthi Basa/ Lumaksita ing Lagu *Astaghfirullah***

“Tansah gawe cidra **sapadha-padha**”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Astaghfirullah*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi basa amargi runtut tembungipun. Tembung ingkang runtut wonten ing nginggil menika tembung /padha/

wonten ing sapadha-padha. Tembung ingkang kalebet purwakanthi basa dipunserat kandel.

#### **Purwakanthi Basa/ Lumaksita ing Lagu *Musyrik***

“Nyembaha mung sawiji **Gusti Kang Suci Gusti Allah**”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Musyrik*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi basa amargi runtut tembungipun. Tembung ingkang runtut wonten ing nginggil menika tembung /gusti/ wonten ing Gusti. Tembung ingkang kalebet purwakanthi basa dipunserat kandel.

#### **Purwakanthi Basa/ Lumaksita ing Lagu *Ngolat-ngolet***

“**Thingak-thinguk plonga-plongo** nglamun wae”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Ngolat-ngolet*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi basa amargi runtut tembungipun. Tembung ingkang runtut wonten ing nginggil menika wanda /thing/ saha /plong/ wonten ing tembung thingak-thinguk saha plonga-plongo. Tembung ingkang kalebet purwakanthi guru sastra dipunserat kandel.

#### **Purwakanthi Basa/ Lumaksita ing Lagu *Rumangsa Dosa***

“Mula aja **adigung adiguna**”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Rumangsa Dosa*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi basa amargi runtut tembungipun. Tembung ingkang runtut wonten ing nginggil menika tembung /adi/ wonten ing adigung saha adiguna. Tembung ingkang kalebet purwakanthi basa dipunserat kandel.

ingkang kalebet purwakanthi basa dipunserat kandel.

#### **Purwakanthi Basa/ Lumaksita ing Lagu Salam**

“Tindakna **salam-salaman**”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Salam*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi basa amargi runtut tembungipun. Tembung ingkang runtut wonten ing nginggil menika tembung /salam/ wonten ing salam-salaman. Tembung ingkang kalebet purwakanthi basa dipunserat kandel.

#### **Purwakanthi Basa/ Lumaksita ing Lagu Subhanallah**

“**Nangisa** yen kudu **nangis**”

Ukara wonten ing nginggil kapethik saking lagu *Subhanallah*. Adhedhasar gegaran teori wonten ing nginggil, pethikan menika kalebet purwakanthi basa amargi runtut tembungipun. Tembung ingkang runtut wonten ing nginggil menika tembung /nangis/ wonten ing nangis. Tembung ingkang kalebet purwakanthi basa dipunserat kandel.

#### **Makna Purwakanthi ing Cakepan Lagu Bugie Album Kelayung-layung**

Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken babagan makna purwakanthi wonten ing cakepan lagu Bugie album *Kelayung-layung*. Makna menika wigatos kangge mangertosi kadospundi maksud saking saben ukara ingkang ngewrat purwakanthi. Kangge mangertos makna saking ukara ingkang ngewrat purwakanthi menika, kedah mangertos saben purwakanthi ingkang kawrat ing saben ukara lajeng dipunmangertosi kanthi maos kanthi premati, lajeng madosi makna kanthi *kontekstual*. Salajengipun, dipunandharaken makna ukara ingkang ngewrat purwakanthi.

#### **Makna Purwakanthi ing Lagu Kelayung-layung**

“Ana tangis **kelayung-layung**”

Maknanipun: Muwun ingkang boten kendel wujud ajrihing manungsa kaliyan pejah. Purwakanthi menika dumunung wonten ing tembung kelayung-layung. Ukara ingkang ngewrat purwakanthi menika nyariyosaken babagan muwun. Manungsa ingkang dipuntilar menika ngraosaken sedhik sanget. Wonten ing pethikan lagu menika dipungambaraken menawi manungsa muwun ingkang boten kendel. Saged dipunpendhet dudutan piwulang Jawinipun inggih menika manungsa kedah narima menawi dipuntilar kaliyan tiyang ingkang dipuntresnani

#### **Makna Purwakanthi ing Lagu Astaghfirullah**

“Melas temen wong kuwi”

Maknanipun: Mrihatosaken sanget tiyang ingkang kathah dosa. Purwakanthi menika dumunung wonten ing tembung melas, tembung temen, tembung wong saha tembung kuwi. Ukara ingkang ngewrat purwakanthi menika nyariyosaken babagan trenyuh kaliyan tiyang. Ukara menika mujudaken piwulang Jawi, bilih wonten ing donya menika manungsa saged ningali menapa ingkang leres menapa ingkang boten leres.

### **Makna Purwakanthi ing Lagu *Musyrik***

“Aja padha nyembah berhala”

Maknanipun: Manungsa boten pareng nyembah brahala. Purwakanthi menika dumunung wonten ing tembung aja, tembung padha saha tembung berhala. Ukara ingkang ngewrat purwakanthi menika nyariyosaken babagan awisan nyembah brahala. Ukara menika mujudaken piwulang Jawi, bilih Gusti Maha Tunggal, boten pareng nyembah sanesipun Gusti

### **Makna Purwakanthi ing Lagu *Rumangsa Dosa***

“*Rumangsa dosa lumrahe manungsa*”

Maknanipun: Manungsa rumaos kalepatan ingkang sampun kedadosan

Purwakanthi menika dumunung wonten ing tembung rumangsa, tembung dosa, tembung lumrah, saha tembung manungsa. Ukara ingkang ngewrat purwakanthi menika nyariyosaken babagan tobatipun manungsa. Ukara menika

mujudaken piwulang Jawi bilih manungsa menika boten uwal saking luput saha *khilaf* ingkang andadosaken dosa.

### **Makna Purwakanthi ing Lagu *Salam***

“Tindakna **salam-salaman**”

Maknanipun: Sabibaripun salat, tindakna salam-salaman

Purwakanthi menika dumunung wonten ing tembung salam saha tembung salaman. Ukara ingkang ngewrat purwakanthi menika nyariyosaken babagan *anjuran* supados silaturahmi. Ukara menika mujudaken piwulang Jawi bilih mliginipun tiyang gesang menika tansah sanjang-sinjang.

### **Makna Purwakanthi ing Lagu *Subhanallah***

“Lair urip mati kagugane”

Maknanipun: Mijil, gesang, pati menika kuwaosipun Gusti

Purwakanthi menika dumunung wonten ing tembung lair, tembung urip, saha tembung mati. Ukara ingkang ngewrat purwakanthi menika nyariyosaken babagan gesangipun manungsa ingkang sampun dipunatur dening Gusti. Ukara menika mujudaken piwulang Jawi bilih jodho, pati, rejeki menika sampun dados pepesthenipun Gusti.

## **PANUTUP**

### **Dudutan**

Asiling panaliten saha pirembaganipun *analisis* purwakanthi wonten ing cakepan lagu saking Bugie *album*

*Kelayung-layung* sampun kaandharaken ing bab IV. Adhedhasar andharan kasebut saged dipunpendhet dudutanipun. Wondene dudutanipun kados ing ngandhap menika.

Adhedhasar asiling panaliten, purwakanthi guru swara ingkang kapanggihaken wonten 5 jinis swanten, inggih menika a, å, i, u saha é.

Adhedhasar asiling panaliten, purwakanthi guru sastra ingkang kapanggihaken wonten 12 jinis aksara *konsonan*, inggih menika b, d, g, j, k, l, m, ng, p, s, t saha w.

Adhedhasar asiling panaliten, purwakanthi basa/ lumaksita ingkang kapanggihaken wonten 20 tembung/ wanda.

Adhedhasar asiling panaliten, makna ukara ingkang ngewrat purwakanthi. Tuladhanipun makna purwakanthi wonten ing lagu *Kelayung-layung* ingkang kapanggih inggih menika:

Ana tangis **kelayung-layung**,

Tangise wong kang wedi mati,

Gedhongana kuncenana,

Yen wis **mati mangsa** wurunga

Makna: Manungsa boten saged nduga titi mangsanipun jiwa saha raga dipunpundhut dening Gusti.

### Implikasi

Adhedhasar asiling panaliten, saged dipunmangertosi bilih wonten ing salebeting cakepan lagu saking Bugie *album Kelayung-layung* kathah dipunpanggihaken purwakanthi ingkang nambahi endahing lagu. Ananging ing jaman samenika, kathah saking masarakat

saha *mahasiswa* ingkang boten mangertos perkawis purwakanthi ingkang kawrat ing cakepan lagu. Pramila, panaliten menika mugi saged migunani tumrap masarakat saha *mahasiswa* kangge mangertosi perkawis purwakanthi satemah langkung remen nyinau lagu Jawa.

Asiling panaliten babagan purwakanthi wonten ing cakepan lagu saking Bugie *album Kelayung-layung* menika ugi saged nuwuhaken krenteg mliginipun tumrap para seniman nem kangge ngripta lagu enggal mawi purwakanthi supados edi saha endah. Jumbuh kaliyan pasinaon, asiling panaliten menika saged dipunginakaken minangka *referensi* ingkang ngrembag wujud purwakanthi saha makna purwakanthi ing salebeting cakepan lagu.

### Pamrayogi

Wonten ing jaman *modern* samenika kathah ingkang sampun keblinger dening budaya *asing* awit saking mekaring *teknologi* ananging boten mangertosi budaya Jawa mliginipun bab tembang. Awit saking menika, kita minangka tiyang Jawi kedah nglestarikaken kabudayan kita salah satunggalipun kanthi midhangetaken lagu Jawa, langkung sae malih menawi kita saged ngripta lagu enggal.

Panaliten menika saged dipunginakaken minangka sarana kangge mekaraken basa saha sastra ing salebeting lagu mliginipun ing bab purwakanthi. Panaliten menika winates wonten ing andharan babagan wujud purwakanthi saha

makna purwakanthi. Awit saking menika, saged dipunlajengaken panaliten ingkang ngandharaken perkawis gayut kaliyan purwakanthi utawi *unsur estetika* sanesipun wonten ing lagu.

## KAPUSTAKAN

- Endraswara, Suwardi. 2010. *Filsafat Sastra*. Yogyakarta: Layar Kata.
- \_\_\_\_\_. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Hadiatmadja, Bengat. 2005. *Seminar Kritik Sastra: Mengkritisi Pertumbuhan Lirik Lagu Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Hadisoebroto, T. *Sari Kasusastran Jawa*. Surakarta: Widya Duta.
- Hadiwidjana. 1967. *Tata-Sastra*. Yogyakarta: U.P Indonesia.
- Mulyono, Sigit. 2014. *Purwakanthi ing Salebeting Teks Sekar Slawatan Jawi Laras Madya ing Tlatah Kradenan Kalikuning, Baturono, Salam, Magelang, Jawa Tengah*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY.
- Padmosoekotjo. 1958. *Ngengrengan Kasusastran Djawa I*. Yogyakarta: Hiem Hong Sing.
- \_\_\_\_\_. 1960. *Ngengrengan Kasusastran Djawa II*. Yogyakarta: Hiem Hong Sing.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa I*. Jogjakarta: Hien Wolters' Uigevers-Maatshappij N. V.
- Subalidinata, R. S. 1968. *Sarining Kasusastran Djawa*. Jogjakarta: PT. Jaker.
- Sudjiman, Panuti. 1986. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: PT. Gramedia, Anggota IKAPI.
- Tim Penyusun. 2012. *Suplemen Panduan Penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)*. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY.
- Tim Penyusun. 2013. *Panduan Tugas Akhir*. FBS UNY.
- Wiryanto, Sapdo Haris. 2013. *Purwakanthi saha Parikan wonten ing Cakepan Campursari Album "Pendopo Campursari 2 Kabupaten Karanganyar"*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FBS UNY.